

**PEMBELAJARAN MENGANALISIS KAIDAH KEBAHASAAN TEKS
NEGOSIASI BERFOKUS PADA KALIMAT BERSYARAT
DENGAN MENGGUNAKAN METODE INKUIRI
PADA SISWA KELAS X SMAN 27 BANDUNG
TAHUN PELAJARAN 2017/2018**

oleh
YUNI AGUSTINA
NIM 145030060

RINGKÈSAN

Nganalisis kaasup kana kagiatan maca, margi sabot urang nganalisis hiji tèks nya anu dipigawè munggaran nyaéta maca. Kaparigelan maca bakal ngagampangkeun siswa dina nganalisis hiji tèks, dina segi eusi, wangun, ogè kabasaanana. Patali jeung wawaran kaseubat, nunulis katarik, ngalakukeun panalungtikan kalawan ngagunakeun metode inkuiri.

Rumusan masalah nu nulis ajengkeun nyaéta (1) Naha nu nulis mampu ngarancang, ngalaksanakeun, sarta meunten pangajaran nganalisis kaédah kabahasaan tèks négosiasi bèrfokus kana kalimah bèrsyarat dina siswa kelas X SMAN 27 Bandung kalawan ngagunakeun métode inkuiri? (2) Naha siswa kelas X SMAN 27 Bandung mampu nganalisis kabahasaan tèks négosiasi bèrfokus kana kalimah bèrsyarat ngagunakeun métode inkuiri? (3) Naha métode inkuiri éfektif digunakeun dina pangajaran nganalisis kaédah kabahasaan tèks négosiasi bèrfokus kana kalimah bèrsyarat dina siswa kelas X SMAN 27 Bandung?

Anapon hasil panalungtikan ieu nyaéta.(1) Nu nulis mampu ngarancang, ngalaksanakeun, sarta meunten pangajaran nganalisis kaédah kabahasaan tèks négosiasi bèrfokus kana kalimah bèrsyarat dina siswa kelas X SMAN 27 Bandung kalawan ngagunakeun métode inkuiri. Hal ieu dibuktikeun tina peunteun rata-rata ngarancang sarta ngalaksanakeun pangajaran saageung 3,68. (2) Naha siswa kelas X SMAN 27 Bandung mampu nganalisis kabahasaan tèks négosiasi bèrfokus kana kalimah bèrsyarat ngagunakeun métode inkuiri. Hal ieu dibuktikeun tina peunteun rata-rata *pretest* 16,92 sarta peunteun rata-rata *posttest* 73,1. Janten, aya kanaékan 58,5. (3) Naha métode inkuiri éfektif digunakeun dina pangajaran nganalisis kaédah kabahasaan tèks négosiasi bèrfokus kana kalimah bèrsyarat dina siswa kelas X SMAN 27 Bandung. Hal ieu dibuktikeun tina hasil étangan statistik kalawan hasil $t_{\text{étang}} > t_{\text{tabél}}$, nyaéta $27,8 > 23,4$ dina tingkat andelan 95% kalawan tingkat signifikan 5% sarta darajat kabebasan 24.

Dumasar kanyataan kasebat, bisa dicideukeun yèn nu nulis mampu ngalakukeun pangajaran nganalisis kaedah kabahasaan tèks négosiasi bèrfokus kana kalimah bèrsyarat ngagunakeun métode inkuiri.

Kecap konci: nganalisis, métode inkuiri, tèks négosiasi.